



Revize an Jwen 2022

## 4 Pwogram ki Ka Ede W Peye pou Depans Medikal Ou yo

Gen pwogram federal ak pwogram leta ki disponib pou moun ki gen Medicare e ki gen revni ak resous ki pi ba pase sèten limit. Pwogram sa yo ka ede w ekonomize nan depans ou fè pou swen sante w ak medikaman sou preskripsyon w yo:

- Medicaid
- Pwogram Epay Medicare
- Benefis Sipleman tè pou Revni Sekirite (SSI)
- Èd Anplis (Extra Help)

### Medicaid

Medicaid se yon pwogram pataje federal ak eta ki ede peye depans medikal yo si ou genyen revni ak/oswa resous limite epi si ou satisfè lòt egzijans yo.

Chak eta gen kondisyon pou revni ak resous ki diferan, e chak eta deside ki moun ki elijib, ki sèvis yo garanti, ak konbyen sa ap koute pou sèvis yo.

Rele biwo Asistans Medikal Leta (Medicaid) ou a pou jwenn plis enfòmasyon e pou wè si w kalifye. Pou jwenn biwo Medicaid Eta ou a, ale sou [Medicaid.gov/about-us/beneficiary-resources/index.html#statemenu](https://www.Medicaid.gov/about-us/beneficiary-resources/index.html#statemenu). Pou plis èd, rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèt rele 1-877-486-2048.

## Pwogram Epay Medicare

Si ou gen revni ak resous limite, ou gendwa kapab jwenn èd nan men eta w la pou peye depans Medicare ou yo si ou satisfè kèk kondisyon.

Gen 4 kalite Pwogram Epay Medicare:

**Pwogram Benefisyè Medicare Kalifye (Qualified Medicare Beneficiary, QMB)**—Ede peye prim pou Medicare Pati A (Asirans Lopital) ak/oswa Medicare Pati B (Asirans Medikal). Epitou, founisè Medicare yo pa otorize voye bòdwo ba ou pou dediktib, ko-asirans ak ko-peman Medicare yo lè ou jwenn sèvis ak atik Medicare kouvri, sof pou medikaman sou preskripsyon pou pasyan ekstèn.

**Pwogram Benefisyè Medicare Espesifik pou Moun ki gen Ti Revni (SLMB) (Specified Low-Income Medicare Beneficiary, SLMB)**—Ede peye prim Pati B sèlman.

**Pwogram Endividyèl ki Kalifye (QI)**—Ede peye prim Pati B yo sèlman. Ou dwe aplike pou benefis QI yo chak ane, epi aplikasyon yo bay sou baz premye vini, premye sèvi.

**Pwogram pou Andikape ak Moun k ap Travay ki Kalifye (QDWI)**—Ede peye prim Pati A yo sèlman. Ou ka kalifye pou pwogram sa a si ou gen yon andikap, si w ap travay epi ou pèdi benefis Sekirite Sosyal ou yo ak prim gratis Pati A akòz ou te retounen travay.

Non pwogram sa yo ak kijan yo fonksyone ka varye tou depann de eta a. Pwogram Epay Medicare yo pa disponib nan Pòtoriko ak Zile Vyèj yo.

Rele biwo Asistans Medikal Eta (Medicaid) ou a pou w jwenn plis enfòmasyon epi konnen si w kalifye pou nenpòt nan pwogram sa yo. Pou jwenn biwo Medicaid Eta ou a, ale sou [Medicaid.gov/about-us/beneficiary-resources/index.html#statemenu](https://www.Medicaid.gov/about-us/beneficiary-resources/index.html#statemenu). Pou plis èd, rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèt rele 1-877-486-2048.

## Benefis Siplèmantè pou Revni Sekirite (SSI)

SSI se yon benefis lajan kach ke Sekirite Sosyal peye bay moun ki gen revni ak resous limite yo ki avèg, gen 65 ane oswa plis oswa ki gen yon andikap. Benefis SSI yo pa menm ak benefis Sekirite Sosyal pou retrèt yo.

Ou kapab ale sou [ssa.gov/benefits/ssi](https://www.ssa.gov/benefits/ssi) epi itilize “Benefit Eligibility Screening Tool” (Zouti Depistaj Kalifikasyon pou Benefis) la pou jwenn si ou kalifye pou SSI oswa lòt benefis. Pou plis enfòmasyon sou SSI, ale sou [SSA.gov/benefits/ssi](https://www.ssa.gov/benefits/ssi) oswa rele 1-800-772-1213. Moun ki itilize sistèm TTY yo te mèt rele nan 1-800-325-0778.

**Remak:** SSI pa disponib pou moun k ap viv Pòtoriko, Zile Vyèj Ameriken, Guam oswa Samoa Amerikèn.

## Èd Anplis (Extra Help)

Si ou gen revni ak resous limite, ou ka kalifye pou Èd Siplemanntè, yon pwogram Medicare ki ede peye depans Medicare ou pou preskripsyon medikaman. Nivo revni ak resous yo gendwa chanje chak ane. Montan Èd Anplis w ap resevwa a depann de revni ak resous ou.

Ou otomatikman kalifye pou Èd Siplemanntè si ou kalifye pou Medicaid, youn nan Pwogram Ekonomi Medicare yo, oswa SSI. Si w pa kalifye otomatikman pou Èd Siplemanntè, vizite sitwèb [secure.ssa.gov/i1020/start](https://secure.ssa.gov/i1020/start) pou w aplike oswa pou chèche konnen si w kalifye. Ou kapab aplike tou nan biwo Asistans Medikal Eta ou a (Medicaid).

Si w bezwen plis enfòmasyon sou Èd Anplis (Extra Help) ale nan [Medicare.gov/publications](https://www.Medicare.gov/publications) pou gade tiliv “Gid ou pou Kouvèti Medikaman sou Preskripsyon anba Medicare (Your Guide to Medicare Prescription Drug Coverage).”

## Pou sa gen Plis Enfòmasyon

- Rele oswa vizite biwo Asistans Medikal Eta (Medicaid) ou a pou jwenn enfòmasyon sou Medicaid, Pwogram Ekonomi Medicare, ak Èd Siplemanntè. Rele si ou panse ou kalifye pou nenpòt nan pwogram sa yo, menmsi ou pa fin si.
- Rele Pwogram Asistans Asirans Sante nan Eta (State Health Insurance Assistance Program: SHIP) pou jwenn konsèy endividyèl gratis sou asirans sante. Pou jwenn nimewo telefòn pou eta kote w rete a, ale nan [shiphelp.org](https://www.shiphelp.org), oubyen rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèt rele 1-877-486-2048.
- Ale sou [SSA.gov](https://www.SSA.gov) oswa rele Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213 pou jwenn enfòmasyon sou, oswa pou aplike pou SSI oswa Èd Anplis. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-800-325-0778.

Ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon sou Medicare nan yon fòm ki aksesib, tankou an gwo karaktè, an Bray, oswa sou fòm odyo. Se dwa w tou pou w depoze yon plent si w santi yo te fè diskriminasyon kont ou. Ale nan [Medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice](https://www.Medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice), oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou w jwenn plis enfòmasyon. Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèt rele 1-877-486-2048.

Pwodui sa a fèt sou kont kontribiyab Etazini.



---

CMS Product No. 11445-HC  
(Haitian-Creole)